

Entèprèt Tribinal yo

Deskripsyon

ENTÈPRÈT YO

Kenzyèm Sikui Jidisyè a pran angajman mete entèprèt ki kalifye adispozisyon moun ki pa fin pale anglè byen ak moun ki soud yon fason pou kab elimine difikilte kominikasyon ki ta kab anpeche moun sa yo patisipe konplètman nan pwosedi jidisyè nesèsè yo ak pou garanti dwa legal ak ekite aksè nan tribinal yo.

Entèprèt Legal Tribinal yo

Kenzyèm Sikui Jidisyè a mete entèprèt legal adispozisyon moun ki pa fin pale anglè byen yo konfòmman dapre Title VI of the Civil Rights Act of 1964 (Tit IV Lwa sou Dwa Sivil ki te pase an 1964 la), section 90.606 Florida Statutes (seksyon 90.606 lwa Eta Florid) ak Rule 2.560, Florida Rules of Judicial Administration (atik 2.560 nan Règleman Administrasyon jidisyè Florid la).

Y ap rele entèprèt legal yo apwente pou vin entèprete nan tribinal la depi enterè fondamantal yon moun menase ak depi kapasite moun nan pou konprann oswa eksprime li ann anglè riske anpeche li patisipe totalman jan sa nesèsè nan pwosedi jidisyè yo. Pami ka sa yo, n ap jwenn, pou site sa yo sèlman, ka penal pou sikonskripsyon an ak enfraksyon kriminèl lokal yo, ka delenkans ak depandans jivenil, ka patènite, ka enjonksyon vyolans domestik, ka pwosedi sante ak alyenasyon mantal ak nenpòt lòt ka tribinal la jije nesèsè pou bay moun nan yon entèprèt.

Y ap apwente entèprèt legal ki kalifye tou pou temwen ki pa fin pale anglè byen nan nenpòt pwosedi ak pou viktim ki pa pale anglè byen nan nenpòt pwosedi kriminèl oswa jivenil k ap fèt nan nenpòt tribinal sikonskripsyon an oswa rejyon an.

Demand k ap fèt pou mande pou entèprèt yo dwe fèt omwen 7 jou avan dat pwosedi a gen pou fèt la. Nan ka yon seri lang ki ra kote se pa anpil moun ki pale l oswa pa t gen entèpretasyon ki te prevwa, sa gen dwa mande plis tan pou fè aranjman nesèsè pou jwenn yon entèprèt legal kalifye pou lang sa a epi gen dwa se sèvis entèpretasyon a distans ki itilize pou sa.

Pou w mande yon entèprèt legal, tanpri ale nan:

CAD-ALLCOURTINTERPRETERS@pbcgov.org oswa rele Biwo Entèprèt legal tribinal la nan (561) 355-2434.

Entèprèt Lang Siy yo

Anplis, Kenzyèm Sikui Jidisyè a founi sèvis entèpretasyon ak akomodasyon akseptab pou moun ki soud nan tout ka ki nesèsè yo dapre Section 90.6063, Florida Statutes (Seksyon 90.6063 Lwa Eta Florid) ak Americans with Disabilities Act (ADA) (Dekrè Lwa Ameriken pou Moun ki Andikape yo) (abreje ADA ann anglè).

Si w bezwen jwenn yon entèprèt ki pale lang siy oswa akomodasyon, dapre lalwa ou gen dwa pou yo fè w jwenn youn san w pa bezwen peye pou sa. Demand k ap fèt pou mande pou entèprèt an lang siy yo dwe fèt omwen 5 jou avan dat pwosedi a gen pou fèt la. Pou w mande pou jwenn yon entèprèt an lang siy oswa pou jwenn akomodasyon dapre lwa ADA a, ale sou entènèt nan <http://15thcircuit.co.palm-beach.fl.us/web/programs/ada> pou kab ranpli fòm demand pou jwenn akomodasyon ADA (ADA Request for Accommodations Form) oswa rele nan (561) 355-4830.

Anons

Apati dat 1^{mye} Oktòb 2015, Rule 2.565(d) of the Florida Rules of Judicial Administration (atik 2.565(d) nan Règleman Administrasyon jidisyè Eta Florid la) egzije pou se entèprèt legal ki **sètifye** yo dwe itilize nan tribinal chak fwa yo bezwen sa. Tribinal la gen entèprèt legal sètifye li bay pou moun ki gen ka penal, ka jivenil ak ka vyolans domestik (DV), ka patènite, ka sante ak alyenasyon mantal. Moun ki bezwen entèprèt pou lòt kalite ka pwosedi jidisyè (sivil, familyal) dwe founi oswa vini ak pwòp entèprèt pa yo. Entèprèt prive yo dwe ranpli kondisyon omwen youn nan kat kategori sa yo:

Debra Oats
Manadjè Depatman

Alejandro Camacho
Sipèvizè Entèprèt yo


Main Judicial Complex
205 N. Dixie Highway
West Palm Beach, Florida 33401

Chanm Nimewo:
5.1710

Telefòn:
(561) 355-2434

FAKS:
(561) 355-7914

Si w enterese nan Pwogram Sètifikasyon ak Regilasyon Entèprèt Legal Tribinal Eta Florid yo, ou gen dwa gade [Depliyon Enfòmasyon sou Fason Moun kab vin Entèprèt Legal nan Tribinal](#) pou plis enfòmasyon.



**BECOME A
COURT
INTERPRETER**

*Court
Interpreter
Certification
and Regulation
Program*

**Office of the
State Courts
Administrator**

- Entèprèt Sètifye—kategori prefere
- Entèprèt Apwouve pwovizwaman—ki ranpli kondisyon nivo preferab ki pi ba a
- Entèprèt Kalifye nan lang nan—pa gen sètifikasyon disponib pou lang sa a aktyèlman (egzanp lang Farsi) oswa
- Entèprèt Anrejistre—ki ranpli kèk nan kondisyon egzijans Tribinal Leta yo

Sizoka entèprèt k ap itilize a PA koresponn ak okenn nan kat kategori sa yo, lè sa a avoka a oswa moun k ap vin plede pou pwòp tèt li a dwe ranpli ak depoze yon Verified Written Declaration Under Rule 2.565(d) of the Florida Rules of Judicial Administration (fòm Deklarasyon Verifye Alekri dapre atik 2.565(d) Règleman Administrasyon jidisyè Eta Florid la).

(click here for a copy of Rule 2.565)

Klike la a pou wè kopi Regleman 2.565

(Click here for a copy of the Verified Written Declaration Instructions.)

Klike la a pou wè kopi Enstriksyon pou Deklarasyon Verifye Alekri.

(Click here for a copy of the Verified Written Declaration Form.)

Klike la a pou wè kopi Fòm Aplikasyon Deklarasyon Verifye Alekri.

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan <http://flcourts.org/resources-and-services/court-services/court-interpreting/>. Anba seksyon “Find an Interpreter” ki sou bò goch paj la, avoka ak moun k ap vin plede pou pwòp tèt pa yo ap kapab jwenn yon lis entèprèt ki disponib yo kab anboche.

Lyen ki konekte ak sa

Asosyasyon

- <http://www.atanet.org/>
- <http://www.najit.org/>